

Ou gen dwa pou resevwa yon "Estimasyon Bòn Fwa" ki eksplike konbyen swen medikal ou yo pral koute

Dapre lalwa, founisè swen sante yo bezwen bay **pasyan ki pa gen asirans oswa ki pap sèvi ak asirans** yon estimasyon sou fakti a pou atik ak sèvis medikal yo.

- Ou gen dwa resevwa yon Estimasyon Bòn Fwa pou pri total ki prevwa pou nenpòt atik oswa sèvis ki pa ijan. Sa anglobe depans ki asosye yo tankou tès medikal, medikaman sou preskripsyon, ekipman, ak frè lopital.
- Asire w founisè swen sante w la ba w yon Estimasyon Bòn Fwa alekri omwen 1 jou ouvrap anvan sèvis oswa atik medikal ou a. Ou kapab mande founisè swen sante w la tou, ak nenpòt lòt founisè w chwazi, yon Estimasyon Bòn Fwa anvan w pwograme yon atik oswa yon sèvis.
- Si ou resevwa yon fakti ki omwen \$400 plis pase Estimasyon Bòn Fwa w la, ou ka konteste fakti a.
- Asire w ou konsève yon kopi oswa yon foto Estimasyon Bòn Fwa w la.

Pou kesyon oswa plis enfòmasyon sou dwa ou genyen pou jwenn yon Estimasyon Bòn Fwa, vizite www.cms.gov/nosurprises oswa rele [1-800-985-3059](tel:1-800-985-3059).

Avi non-responsablite

Estimasyon Bòn Fwa sa a montre pri atik ak sèvis ou ka atann rezonableman pou bezwen swen sante w pou yon atik oswa sèvis. Estimasyon an baze sou enfòmasyon yo konnen nan moman yo te kreye estimasyon an.

Estimasyon Bòn Fwa a pa enkli okenn depans enkoni oswa inatandi ki ka rive pandan tretman an. Yo ka chaje w plis oka ou ta vin gen konplikasyon oswa sikonstans patikilye rive. Nan ka sa a, si fakti w la rive \$400 oswa plis pou nenpòt founisè oswa etablisman parapò ak Estimasyon Bòn Fwa w pou founisè oswa etablisman sa a, lwa federal la pèmèt ou konteste fakti a.

Si yo faktire w pou plis pase Estimasyon Bòn Fwa sa a, ou ka gen dwa pou konteste fakti a.

Ou ka kontakte founisè swen sante oswa etablisman ki nan lis la pou fè yo konnen montan yo faktire w la pi wo pase Estimasyon Bòn Fwa a. Ou ka mande yo pou yo aktyalize fakti a pou li koresponn ak Estimasyon Bòn Fwa, mande pou yo negosye fakti a, oswa mande si gen asistans finansyè ki disponib.

Ou kapab tou kòmanse yon pwosesis pou rezoud konfli ak Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (HHS) . Si w chwazi sèvi ak pwosesis pou rezoud konfli a, ou dwe kòmanse pwosesis kontestasyon an nan 120 jou kalandriye (apeprè 4 mwa) apre dat ki sou fakti orijinal la.

Si w konteste fakti w la, founisè a oswa etablisman an pa ka fè fakti pou atik oswa sèvis ki konteste a pase nan rekouvremant oswa menase pou l fè sa, oswa si fakti a te deja nan rekouvremant an, founisè a oswa etablisman an dwe sispann efò li yo pou rekouvremant an. Founisè a oswa etablisman an dwe tou sispann akimilasyon tout frè reta sou kantite fakti ki poko peye jiskaske pwosesis pou rezoud kontestasyon an fini. Founisè a oswa etablisman an pa kapab pran oswa menase pou pran okenn sanksyon kont ou poutèt w ap konteste fakti w la.

Gen yon frè \$25 pou itilize pwosesis kontestasyon an. Si antite Selected Dispute Resolution (SDR) k ap revize kontestasyon w lan dakò avèk ou, w ap oblije peye pri sou Estimasyon Bòn Fwa sa a, mwens frè \$25 a. Si antite SDR la pa dakò ak ou epi li dakò ak founisè swen sante a oswa etablisman an, w ap oblije peye montan ki pi wo a.

Pou aprann plis epi jwenn yon fòm pou kòmanse pwosesis la, ale nan www.cms.gov/nosurprises/consumers oswa rele 1-800-985-3059.

Pou kesyon oswa plis enfòmasyon sou dwa ou genyen pou jwenn yon Estimasyon Bòn fwa oswa sou pwosesis kontestasyon an, vizite www.cms.gov/nosurprises/consumers voye imel nan FederalPPDRQuestions@cms.hhs.gov oswa rele 1-800-985-3059.

Kenbe yon kopi Estimasyon Bòn fwa w la yon kote ki an sekirite oswa pran foto li. Ou ka bezwen li si yo faktire w yon montan ki pi wo.

DEKLARASYON LWA SOU KONFIDANSYALITE: CMS gen otorizasyon pou l kolekte enfòmasyon ki nan fòm sa a ak tout dokiman sipò dapre seksyon 2799B-7 nan Public Health Service Act la, jan seksyon 112 nan No Surprises Act la, Tit I nan Divizyon BB nan Consolidated Appropriations Act, 2021 (Pub. L. 116-260). Nou bezwen enfòmasyon ki nan fòm lan pou nou trete demann ou an pou kòmanse yon kontestasyon peman, verifye elijibilite kontestasyon w lan pou pwosesis PPDR la, epi pou detèmine si gen konfli enterè ki egziste ak antite endepandan pou rezoud konfli ou chwazi pou deside kontestasyon w lan. Yo ka itilize enfòmasyon yo tou pou: (1) sipòte yon desizyon sou kontestasyon w lan; (2) sipòte operasyon kontinyèl ak sipèvizyon pwogram PPDR la; (3) evalye konfòmite antite IDR chwazi a ak règ pwogram yo. Bay enfòmasyon yo mande a se yon bagay ki volontè. Men, si w pa bay li, sa ka retade oswa anpeche tretman kontestasyon w lan, oswa sa ka lakòz kontestasyon w lan tranche an favè founisè a oswa etablisman an.